

2 oktòb

Yo rekonèt chak pyebwa dapre pwòp fwi li.

Lik 6. 44

Nou va mache jan Senyè a merite l, pou nou fè l plezi tout jan. N a donnen tout kalite bon zèv.

Kolosyen 1. 10

Pyebwa ki pote fwi

Fason ki pi senp pou rekonèt yon pyebwa, se lè ou egzaminen donn li bay. Devan yon pyebwa ki chaje ak pòm, menm yon timoun tou piti konnen ke se yon pye pòm. Ak imaj sa, Senyè a, ki itilize bagay senp nan lanati pou li ka fè nou konprann reyalite espirityèl, li te vle pale ak nou.

Si mwen te aksepte lavi etènèl ke Kris la ofri nou, si mwen resevwa l, ak padon li, konpòtman m ak frekantasyon m yo dwe montre sa. Zak mwen yo, konpòtman m, pawòl tonbe daplon ak nati kretyen an, fòk yo mache ak nouvo lavi ke Bondye te ban m nan. “Mwen va fè zèv pou mwen demontre ou lafwa” (Jak 2. 18). Piga nou san lespri, ni sou sa ki gen pou wè ak lòt yo, ni sou sa ki gen pou wè ak pwòp tèt nou. Olye nou gade aparans yo, ann gade fwi yo. Bondye envite pitit li yo pou yo montre efò ke moun ka wè de lavi Bondye a ki nan yo, pou yo ka ajoute sou lafwa bon kalite, konesans, disiplin, andirans, devosyon, lanmou pou frè nou, lanmou. Mande l fòs pou nou ka pote fwi sa yo. Pawòl Bondye a ajoute : “Si nou posede bagay sa yo, epi y ap ogmante nan nou, yo pap kite nou san nou pa travay oubyen san nou pa gen rezilta” (2 Pyè 1. 5-8).

Jadinye yo konnen ke kalite fwi yo depann de kijan pyebwa a ap viv, ke yo dwe nouri, pwoteje, si yo vle bon jan fwi. Se sa menm Senyè a vle fè ak nou chak ke li te rachte. Ann rete kole kole ak li, e nou va pote fwi ki fè l plezi (Jan 15. 2, 5).

2 octobre

Chaque arbre se connaît à son propre fruit. Luc 6. 44

... Marcher d'une manière digne du Seigneur afin de lui plaire à tous égards, portant du fruit en toute bonne œuvre. Colossiens 1. 10

Arbre à fruits

Pour reconnaître un arbre, le moyen le plus simple est d'examiner le fruit qu'il produit. Devant un arbre chargé de pommes, même un petit enfant sait qu'il s'agit d'un pommier. En prenant cette image, le Seigneur, qui utilise souvent des choses simples de la nature pour faire comprendre les réalités spirituelles, désire nous parler.

Si j'ai accepté le salut offert par Christ à la croix, si j'ai reçu, avec son pardon, la vie éternelle, ma conduite et mes fréquentations doivent le montrer. Mes actions, mes comportements, mes paroles correspondront à ma nature de chrétien, seront en accord avec cette nouvelle vie que Dieu m'a donnée. "Par mes œuvres, je te montrerai ma foi" (Jacques 2. 18). Ne soyons pas dupes, ni en ce qui concerne les autres, ni surtout en ce qui nous concerne. Au-delà des apparences, regardons les fruits. Dieu invite ses enfants à montrer des effets concrets de la vie divine en eux, à joindre à leur foi la vertu, la connaissance, la maîtrise de soi, la patience, la piété, l'affection fraternelle, l'amour. Demandons-lui la force de porter de tels fruits. La Parole de Dieu ajoute : "Si ces choses sont en vous et y abondent, elles ont pour effet de ne pas vous laisser inactifs ni stériles" (2 Pierre 1. 5-8).

Les jardiniers savent que la qualité des fruits résulte de la vitalité de l'arbre, qu'il faut nourrir, protéger, tailler, si l'on veut de beaux fruits. C'est ce que le Seigneur désire réaliser pour chacun de ceux qu'il a rachetés. Restons fermement attachés à lui, nous porterons des fruits qui l'honorent (Jean 15. 2, 5).